N ap selebre pi gwo pousantaj gradyasyon nou te janm genyen. Finansman sa a pèmèt nou bati yon pwogram Chwa ak Karyè solid nan tout distri a, pou bay fanmi yo opsyon akademik ki gen anpil valè. Sa ki pi enpòtan an, li pèmèt nou bay tout sipò pou sante mantal elèv yo, tankou yon konseye akademik ak yon pwofesyonèl sante mantal nan chak lekòl. 1 Mil la reprezante yon angajman anvè tout elèv lekòl piblik yo: Dapre lwa Florid, revni yo ap pataje ak lekòl piblik semi-prive yo (charter) ki kalifye sou baz pwopòsyon kantite elèv yo genyen nan distri a.

Sipòte dirèkteman Elèv ak Pwofesè nou yo

50%
OGMANTASYON SALÈ PWOFESÈ

25%
TRAVAY NAN KARYÈ/CHWA

25%
SANTE MANTAL SEKIRITE LEKÒL

KONSEKANS YON ECHÈK: MEN SA NOU VLE ANPECHE

- **Rediksyon Salè Pwofesè Imedyatman.** San renouvèlman sa a, chak pwofesè kapab sibi yon rediksyon nan salè yo ki kapab anmwayèn $8.000 pa ane, sa kapab lakòz nou pèdi pwofesè ki pi talantye nou yo.

- **Rediksyon Drastik nan Pwogram pou Elèv.** Rediksyon sa yo kapab fè plis pase 900 pozisyon pwofesè atizay, mizik, Edikasyon Fizik elimine, epi pwogram popilè Ochwa yo ak Ademi Karyè yo kapab fèmen. Sa ap limite anpil chwa ki disponib pou fanmi nou yo.

- **Rediksyon nan Sipò pou Sekirite Lekòl ak Swen Sante Mantal.** Nou kapab pèdi finansman pou Polis Lekòl, estaf sekirite, ak pwofesyonèl sante konpòtman. Sa ap redui resous ki disponib pou kenbe lekòl nou yo ansekirite epi sipòte elèv ki nan bezwen.



YON ENVESTISMAN KI BAY REZILTA:

Men Rezilta Prelèvman 1 Dola sou Mil Dola ap Pote pou Elèv ak Pwofesè nou yo

Nan dat 3 novanm 2026, votè nan Rejyon Palm Beach kapab renouvle finansman 1 MIL la ki la depi 2019 la. Se pa yon nouvo taks, se pwolonjman yon referandòm votè yo te apwouve ki dirèkteman sipòte elèv ak pwofesè nou yo. Nou kapab di gras ak envestisman kominotè sa a, **Distri Lekòl Rejyon Palm Beach akonpli siksè enkwayab.**



THE SCHOOL DISTRICT PALM BEACH COUNTY

YON ENVESTISMAN KI BAY REZILTA:

Men Rezilta Prelèvman 1 Dola sou Mil Dola ap Pote pou Elèv ak pwofesè nou yo



PROMÈS PRENSIPAL NOU: KONTINYE BAY SIPÒ

- **Se yon Renouvèlman, Se pa yon Nouvo Taks.** Se renouvèlman referandòm 1 Mil ki deja egziste a, ki te apwouve pa votè yo, ki an plas depi 2019. Renouvèlman sa a ap pèmèt kontinye finansman ki dedye pou elèv ak pwofesè nou yo.
- **Yon Gwo Envestisman nan Sal Klas nou yo.** Renouvèlman sa a pral jenere apeprè $320 milyon dola chak ane, bay yon finansman lokal pwisan pou lekòl nou yo.
- **Garanti pa Sipèvizyon Sitwayen.** Chak dola kontwole pa yon Komite Sipèvizyon Referandòm Endepandan (IROC). Se yon gwoup sitwayen ak ekspè ki asire tout lajan yo depanse egzakteman jan yo te pwomèt la.
- **Sipòte Salè Konpetitif pou Pwofesè.** Renouvèlman sa a esansyèl pou atire epi kenbe pi bon edikatè yo. Li ap ede Rejyon Palm Beach kenbe youn nan salè pwofesè ki pi wo nan eta a.
- **Ofri Pwogram Anrichisman pou Elèv.** Finansman lokal sa a pèmèt nou ofri eksperyans aprantisaj eksepsyonèl nan tout Rejyon Palm Beach. Li sipòte pwofesè espesyalize yo ki dirije pwogram nan tout domèn, soti nan atizay rive nan fòmasyon pwofesyonèl avanse.
- **Pwomès Fèt, Pwomès Kenbe.** Komite sipèvizyon an toujou rapòte lajan yo te depanse dirèkteman annakò ak volonte votè lokal yo pou sipòte elèv ak pwofesè yo.

YON PLAN DEPANS VOTÈ YO APWOUVE: MEN KISA LAJAN AN PRAL FÈ

- **Amelyore Salè Pwofesè.** Renouvèlman an bay sipleman salè esansyèl pou plizyè milye pwofesè ak anplwaye. Sa ap ede nou rekrite epi kenbe pi bon edikatè yo.
- **Finansman Pwofesè Atizay, Mizik, ak Edikasyon Fizik.** Finansman sa a peye dirèkteman pwofesè atizay, mizik, ak edikasyon fizik.



- **Sipòte Pwofesè Pwogram Karyè ak Ochwa.** Li finanse pwofesè ki trè kalifye yo ki anseye nan plis pase 300 pwogram Ochwa ak Akademi Karyè nou yo ki gen bon repitasyon. Pwogram sa yo prepare elèv yo pou devlope potansyèl yo nan domèn popilè tankou:
  - Atizay Espèktak
  - Kuizin
  - Syans Medikal ak Pre-Medikal
  - Aviyasyon ak Teknoloji Ayewospasyal
  - Jeni ak Teknoloji
  - Metye nan Konstriksyon

  AK ANPIL ANKÒ!
- **Ogmante Sekirite Lekòl.** Renouvèlman an ap bay finansman ki dedye pou Polis ak lòt pèsonèl sekirite nan chak lekòl pou sipòte yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite.
- **Bay Sèvis Sante Mantal pou Elèv yo.** Li finanse pwofesyonèl sante mantal yo. Sa gen ladan konseye akademik, sikològ, ak pwofesyonèl sante konpòtman dedye ki sipòte byennèt elèv nou yo.